*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№66 (26518)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 16 апрель – хуымгæнæны мæйы 16 бон, цыппæрæм

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 АРХАЙД
*Семинартæ разамонджытæн*

3 ÆЦÆГ ХАБАР
*Æрæджиауы фæсмон*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ
*Хъæбысхæст*

Уæрæхгонд æмбырд

## Культурон бынты объекттæ цæудзысты хъахъхъæд

**Дыууæ боны республикæйы Национ чиныгдоны Хуссайраг æмæ Цæгат Кавказы федералон зылдты субъектты хицаудзинады æххæстгæнæг оргæнты разамонджытимæ цæуы ныхас культурон бынтæ бахъахъхъæныны фарстаты фæдыл. Уæрæхгонд æмбырды архайынц Донецкы, Луганскы Адæмон республикæты, стæй Херсон æмæ Запорожьейы облæстты минæвæрттæ. Æмбырды райдайæны йæ архайджытæм фæсидт нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**



– Сæйрагдæр у, цы ма дзы баззад, уыцы объекттæ бахъахъхъæнын. Уымæн та хъæуы рæстæг. Ныридæгæн уыцы куыст æххæстгонд цæуы, цы бынæттæ æмæ цыртдзæвæнтæ йæм бахастам, уыдоны бацæуæнты æвæрд цæуынц табличкæтæ æмæ штрихкодтæ. Нæ мæсгуытæ æмæ зæппадзтæ, культурон бынтæм республикæйы цыдæриддæр хаст æрцыд, уыдон бахæссын хъæуы реестрмæ. Æхцайы фæрæзты бæрц хынцгæйæ, архайæм сæ бындурон цалцæгыл, сæ иутæ уал реставраци æрцыдысты хицæн адæймæгты фæрцы. Иннæтæ хуыздæр рæстæг æмæ гæнæнтæм æнхъæлмæ кæсынц. Се 'ппæты дæр хъæуы хыгъды сæвæрын. Ныридæгæн уал 360 объектæй сæвæрдтой 70, уыцы куыст дарддæр цæуы. Уый нæ истори у, æмæ йæ фидæны фæлтæртæн бахъахъхъæнын хъæуы. Æппæт дæр нæхицæй аразгæ у, – загъта республикæйы Сæргълæууæг.

Историон туризм цы бынæтты рæзы, уырдæм бацæуæггаг лæвар нæу. Хъуыдыйаг у, культурон бынтæм хаст чи æрцыд, уыдон сног кæнынæн фæрæзтæ хæрз чысыл уагъд кæй цæуы æмæ уый æнæзынгæ нæу куыстыл. Архайынц хицæн адæймæгтимæ сæ сног кæныны фарстайыл, каст цæуы, сæ бахъахъхъæныны химæ райст хæстæ чи нæ æххæст кæны, уыдон сæ цæмæй æххæст кæной, объекттæ хæссынц кадастрмæ, æмæ уымæй баххæст кæнынц культурон объектты реестр. Æппæт дæр аразынц закъонмæ гæсгæ, дарддæр кусдзысты, гæнæн кæм ис, уым се сног кæныныл. Уый фæахъаз уыдзæн, историмæ йæ хъус чи дары, уыцы адæмæн. Цымыдисаг сты нæ музейты рагзаманты фондтæ. Нæ истори, культурæ, традицитæ æмæ 'гъдæуттæ бахъахъхъæнын ахсджиаг у алы адæмыхаттæн дæр. Уый кæрæдзиуыл фæлтæрты бæтты культурон объектты руаджы.



Форумы куысты архайы Уæрæсейы Культурон бынтæ бахъахъхъæныны паддзахадон департаменты директоры хæдивæг **Денис Сергейы фырт Проценко**. Йæ архайджытæн арфæйы ныхæсты фæдыл хæрзиуæджытæ ратта, ацы къабазы æнæзæрдæхудт фæллой чи кæны, уыцы адæймæгтæн. Йæ раныхасы темæ уыд «Культурон бынтæ бахъахъхъæныны закъонæвæрынад аивын æмæ барадæй спайда кæныны практикæ». Бæстон дзы æрлæууыд, фæстаг рæстæг ацы къабазы цы ног закъонтæ фидаргонд æрцыдысты, уыдоныл. Культурон бынтæ хъахъхъæнын æмæ сæ пайда кæныны республикон комитеты сæрдар **Гæлуаты Ацæмæзы** раныхас баст уыд, Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы историон æмæ культурон цыртдзæвæнтæ хъахъхъæныны куысты цы райхалинаг фарстатæ ис, уый фæдыл.

Уæрæхгонд æмбырды архайы Хъырымы Культурæйы министрады культурон бынтæ хъахъхъæныны паддзахадон департаменты сæргълæууæджы хæдивæг **Александр Валентинович Жаворонков,** уый бæстон радзырдта, ацы ахсджиаг хъуыддаджы цы лыггæнинаг фарстатæ æвзæры æмæ сæ бакусыныл куыд архайынц, уый тыххæй. Республикæйы уазджытæ бæстон æрныхас кодтой тæссагдзинæдты бæрæггæнæнты ахадындзинадыл. Уæрæхгонд æмбырды архайджытæн абон фенын кæндзысты Дæргъæвсы æмæ Куырттаты кæмттæ, акæндзысты сæ Къæхтысæрмæ.

**ХУЫБИАТЫ Ларисæ,**
**къамтæ систа**
**Татьяна ШЕХОДАНОВА**

Кусæг балц

## Промышленнон къабазы рæзт

**Мæскуыйы уæвгæйæ, РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд Уæрæсейы Хицауады Сæрдары хæдивæг Денис МАНТУРОВИМÆ.**

Рæгъмæ рахастæуыд Цæгат Ирыстоны промышленнон къабазы хъомыс раиртасыны, сæ архайд чи баурæдта, уыцы фæзты рæзты æмæ бæстæхъахъхъæнæн комплексы куыстуæтты ног рахæцæнтæ фæбæрæг кæныны фарстатæ.

Уæрæсейы Хицауады æмæ Промышленносты министрады руаджы нæ республикæйы къæпхæнгай ноггонд цæуы скъолаты автобусты парк. Ныртæккæ ахуыргæнæндæттæ сты 167 автобусы хицау. Денис Мантуров куыд бафæдзæхста, афтæмæй Промышленносты министрад хъуамæ федералон фæрæзтæй 2026 азы Цæгат Ирыстоны скъолатæн балхæна 27 ног автобусы.

Ныхас ма рауад, Промышленносты рæзты регионалон фонды куысты тыххæй. Уый æппынæдзух дæр промышленнон куыстуæттæн баххуыс кæныныл архайы. Фонды фæрæзты бæрц 2022 азæй фæстæмæ у 560 милуан сомы, ацы аз фæрæзтæм бафтыд 44,4 милуан сомы.

**РЦИ-Аланийы**
**Сæргълæууæг**
**æмæ Хицауады**
**пресс-службæ**

Хицауадæй

## Рауагъдад «Ир»

**Рауагъдад «Ир»-ы архайд æмæ йæ дарддæры рæзтимæ баст фарстатыл уыд ныхас, РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым.**



Æмбырды архайджытæ æрныхас кодтой рауагъдады фидæныл, цы лæггæдтæ аразы, уыдоны хæрзхъæддзинад фæхуыздæр кæныныл, нырыккон домæнтæн дзуапп куыд дæттой, афтæ æмæ ма киоскты ахадындзинадыл дæр.

– Республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойы** хъæппæрисæй 2024 азы егъаудæр национ рауагъдад «Ир»-æн лæвæрд æрцыд паддзахадон автоном уагдоны статус. Фыццаджыдæр, хъæуы рауагъды продукци фæфылдæр кæнын, рауагъдадæн бирæ куыст куыд уа, афтæ, – фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.



Цæгат Ирыстоны Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Эльдар Афашоков** куыд фехъусын кодта, афтæмæй 2025 азы мыхуыры рацыд **Сæлбиты Тамиры** чиныг æмæ ма ноджы чингуытæ ирон æвзагыл нæ республикæйы скъолатæ æмæ рæвдауæндæттæн. Уымæй уæлдай ма, 10 чиныджы хаст æрцыдысты нымæцон сервис «Литрес»-мæ. Рауагъдад архайдта къабазы арæзт фондз мадзалы, уыимæ – чингуыты фестиваль «Красная площадь»-ы дæр.

Æмбырды ма ныхас цыд, периодикон мыхуыр æмæ чингуытæ адæммæ куыд хæццæ кæной, рауагъдад «Ир» разамынд кæмæн дæтты, уыцы сæрмагонд хыз «Ног бон»-ы куысты фарстатыл. Ныридæгæн уал республикæйы ис авд ахæм киоскты – æртæ Дзæуджыхъæуы, æмæ фæйнæ иуы – Беслæн, Елхот, Мæздæг æмæ Дигорайы. Уымæй уæлдай ма, регионы кусынц 60 базарадон объекты «Печать», уыдонæй 39 – Дзæуджыхъæуы.

Дзанайты Барисы ныхасмæ гæсгæ, цæмæй киоскты куыст æнтыстджындæрæй цæуа, уый тыххæй сын хъæуы сæ ассортимент фæхъæздыгдæр кæнын, бынæттон цæрджыты хъуыдытæ æмæ, республикæмæ цы туристтæ æрбацæуынц, уыдоны фæндонæн дæр дзуапп чи дæтты, ахæм продукцийæ. Уый фæдыл бахæс кодта мыхуыры продукцийы базарадон хызы куыст фæахадгæдæр кæнынæн «фæндаггон картæ» саразын.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

Ахуырад

## Бизнесы æнтыстджынæй архайынæн

**Æхсæнадон уагæй пайдайаг бизнес саразынæн цавæр нырыккон фадæттæ ис, ныхас ууыл кæм цыд, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты наукон библиотекæйы уыд студентты ахæм фембæлд бизнес-эксперттимæ.**

Инвестицион проекттимæ кусынæн цавæр фадæттæ ис, студенттæ уый хуыздæр цæмæй рахатой, уый тыххæй ахуыргæнæндоны Карьерæйы центр «Карьерный навигатор: за кулисами инвестиционных проектов»-ы темæйыл сарæзта æмбырд.

Фæсивæдон политикæ æмæ административон куыстæй университеты проректор **Кокайты Алан** дзыллон мадзалы архайджытæн рарфæ кодта. Кокайы-фырты ныхасмæ гæсгæ, фембæлдтыты фæрцы студенттæн ис профессион рæзтæн ахъазгæнæг ахсджиаг уынаффæтæ фехъусыны фадат.



Эксперттæй фембæлды архайдтой Физикон культурæ æмæ спорты къабазы инвесторты ассоциацийы президент **Еленæ Сандакова** æмæ амалиуæггæнæг, меценат, лæгæй-лæгмæ хæсты академи «Алания Атлетик»-ы президент **Дзгойты Дмитри**.



Еленæ Сандакова радзырдта паддзахад æмæ хицæн адæймаджы æхсæн æмгуыстады сæйраг фадæтты тыххæй хабæрттæ. Сылгоймаджы ныхасмæ гæсгæ, ацы æмгуыстады фæрцы ис уыцы-иу рæстæг ахадгæ фарстатæ лыг кæныны, стæй æфтиагæй инвесторы фæхайджын кæныны фадат.

Бизнес æмæ паддзахады æхсæн æмгуыстад куыд цæуы (уæлдайдæр та – социалон уагæй ахадгæ проектты къабазы, спортивон инфраструктурæйы райрæзт нымайгæйæ), ныхас кæнгæйæ, Дзгойы-фырт уый тыххæй хабæрттæ фехъусын кодта. Ныхасгæнæджы хъуыдымæ гæсгæ, амынд къабазы кусæг адæймæгты хæс у канд æфтиаг райсынмæ нæ, фæлæ ма æхсæнадон пайда скæнынмæ дæр тырнын. Дзгойы-фырт студенттæн бафæдзæхста бæллиццаг хъуыддæгтæ ныфсхастæй аразын.

Хи хъуыддаг аразын куыд æмбæлы, бизнесы куыст кæнынæн цавæр къабаз равзарын хъæуы, студенттæ уыдæтты æмæ æндæр хъуыддæгты тыххæй фарстытæ раныхасгæнджытæм раттой. Парахат зонындзинæдтæ равдисгæйæ, фембæлды æппæтæй разæнгарддæрæй чи архайдта, уыцы студенттæ хорзæхджын æрцыдысты зынаргъ призтæй.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон**
**университеты пресс-службæ**

Адæмон газет

## Рафыссæм «Рæстдзинад»!




**Посты бастдзинады регионалон управлени куыд хъусын кæны, афтæмæй ацы азы дыккаг æмбисæн газеттæ рафыссыны сæйраг æмгъуыд йæ тыхы нæма бацыд. Уыимæ, азы дыккаг æмбисæн «Рæстдзинад» рафыссæн ис рагагъоммæ дæр зæронд аргъæй, ома, 1448 сомы æмæ 46 капеккæй. Льготон къордтæм чи хауы, уыцы адæмæн та – 1180 сомы æмæ 74 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ!**

**Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, мадæлон æвзаг, ирон фысджытæ æмæ нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды, æмæ нæ рæзгæ фæлтæр сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут «Рæстдзинад». Æмæ газет алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы царды цы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр – газет «Рæстдзинад»!**

**РЕДАКЦИ**

## Дзырды фарн

*Рæстæг размæ цæуы,*
*цæуы стыр санчъехтæй æмæ алцыдæр ивы,*
*иу хъуыддæгтæ сафгæ кæны,*
*иннæты – аразгæ...*

ГÆДИАТЫ Цомахъ

Архайд

# Семинартæ разамонджытæн

**Проект «Разамынддæттыны практикæтæ»-йы бындурыл Цæгат Ирыстоны хицауиуæггæнæг оргæнты разамонджытæн арæзт цæуынц семинартæ. Проект æххæстгонд цæуы РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛОЙЫ хъæппæрисæй, нæ республикæйы Сæргълæууæг æмæ Хицауады Администрацийы разамонæг ГОБЕТЫ Ибрагимы цæстдардæй.**



Ацы хатт ахуыртæ бацæттæ кодта РЦИ-Аланийы Архитектурæ æмæ арæзтады министрады коллектив. Семинары архайджытæн арфæтæ ракодта уæлдæр амынд Администрацийы разамонæджы хæдивæг **Биасты Игорь**. Сæйраг доклад та скодта нæ республикæйы архитектурæ æмæ арæзтады министр **Бетанты Марат**. Семинармæ хъусджытæн арæзт æрцыд тематикон, «Бæллиццаг горæт», хъазт дæр. Йæ нысан уыд, 3D-конструктор, зæгъæ, бæстыхай саразын. Амынд фæткмæ гæсгæ, архайджытæ уыцы бæстыхайы алыварс сарæзтой хъæугæ инфраструктурæ, фæз цъæхфæлыстæй рацарæзтой.

Проект «Разамынддæттæг практикæтæ» стыр ахъаз у профессион фæлтæрддзинадæй кæрæдзимæ дих кæнынæн, разамынды архайдмæ нырыккон технологитæ хæссын, нæ республикæйы хицауиуæггæнæг æппæт оргæнты архайд фæхъомысджындæр æмæ ведомствæты 'хсæн æмархайды бастдзинæдтæ фидардæр кæнынæн. Сергей Меняйло бахæс кодта, цæмæй проекты архайой кадрты программæ «Æхсарджын Ирыстон»-ы минæвæрттæ дæр.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Æмбырд

# Профессион ахуырады фидæн

**Дзæуджыхъæуы Кадрты райрæзты æмæ сæ цæттæкæнынады институты бындурыл ацыд «Мастерская кадров: история вдохновения»-йы темæйыл æмбырд.**



Хъуыддаджы архайджытæ: фæлтæрдджын педагогтæ, зондамонджытæ æмæ кадджын уазджытæ – æрныхас кодтой Цæгат Кавказы федералон зылды астæуккаг профессион ахуырады райрæзты фарстатыл. Дагестан æмæ Стъараполы крайæ педагогтæ – амынд федералон зылды «Мастер года-2025» конкурсы уæлахиздзаутæ – æмбырды архайдтой кадджын уазджыты уагæй.

Цæгат Ирыстоны ахуырады министры хæдивæг **Габеты Вадим** æмæ амынд институты ректоры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Гагиты Аланæ** æмбырды архайджытæн раарфæ кодтой.

«Лидер и наставник: от слов к делу»-йы темæйыл ныхас кæнгæйæ, амынд конкурсы уæлахиздзаутæ **Биганты Мæдинæ, Сергей Зеркалеев, Мадина Салпагарова, Хуырымты Дмитри** æмæ **Симнара Шахбазова** сæ хъуыдытæ раргом кодтой. Хайад «Моя фишка»-йы архайгæйæ, педагогтæ сæ куысты лыстæг фæзилæнты тыххæй хабæрттæ радзырдтой.

Фембæлды архайджытæ куыд загътой, афтæмæй ахуыргæнджыты хæс у сæ фæлтæрддзинадæй æрыгон педагогтæн хай кæнын. Конкурс «Мастер года»-йы тæрхонгæнджыты хъуыдымæ гæсгæ, ерысты архайджыты дæсныдзинады къæпхæн афæдзæй-афæдзмæ рæзы.

– Сымахæй алчи дæр сывæллæтты профессион рæзтæн кæй ахъаз кæны, уый нымайгæйæ, экономикæйы æцæг къабазы фидæн сымахæй аразгæ у. Колледж каст чи фæуа, уыцы фæсивæды нæ барвитын фæнды сыгъдæг, æнæхин куыстадон тыгъдадмæ, – загъта Габейы-фырт.

– Зынаргъ педагогтæ! Сымахæй фæстæмæ астæуккаг профессион ахуырады райрæзтæн ахъаз кæнын иуæн дæр нæ бантысдзæн. Дарддæр æмгуыст куыд хъуамæ кæнæм, ацы æмбырды фæстæ уый хъуамæ рахатæм. Нæ федералон зылды фидæн махæй аразгæ у, – загъта Гагиты Аланæ.

Æмбырды кæрон къорд ахуыргæнæгæн арфæйы фыстæджытæ радтой. Уымæй уæлдай, рахастæуыд астæуккаг профессион ахуырады системæйы зондамонындзинады райрæзтæн ахъазгæнæг уынаффæтæ.

**РЦИ-Аланийы Ахуырад æмæ наукæйы министрады пресс-службæ**

Нæ уидæгтæ

# Къостайы кадæн – бæхтыл дугъ



**Хетæгкаты Къоста ацы дунейы куы нал ис, уæдæй нырмæ рацыд 120 азы. Алы заманты йæ номыл бирæ зæрдылдарæн мадзæлттæ арæзт æрцыд. Æрæджы Къостайы рухс ном мысынæн Елхоты Къубалты фондз æфсымæры уынджы фарсмæ фæзыл скодтой бæхтыл дугъ. Ахæм хъуыддаг Къостайы номыл арæзт æрцыд фыццаг хатт.**

Дугъы архайджытæ æмæ уазджытæн зæрдиаг арфæ ракодтой Кировы муниципалон районы администрацийы сæргълæууæг **Батиаты Хъазыбег**, районы ветеранты уынаффæдоны сæрдар **Бедойты Феликс** æмæ Хетæгкаты мыггаджы номæй — **Хетæгкаты Мурат.**

Бæхты дугъ саразджытæ сты æхсæнадон змæлд «Иудзинад», Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас», Хетæгкаты Къостайы номыл фонд, Хетæгкаты мыггаг, Цæгат Ирыстоны Ахуырад æмæ наукæйы министрад, Кировы муниципалон районы администраци.

Бирæ фæсивæд æрцыд Елхотмæ Цæгат Ирыстоны алы районтæй æмæ ма сыхаг Кæсæг-Балхъары республикæйæ дæр дугъы сæ арæхстдзинад æмæ сæрæндзинад равдисынмæ. Цымыдисаг ма у уый, æмæ барджытæй дыууæ уыдысты чызджытæ.

Ацы бонмæ цæттæгонд концертон программæйы Къостайы æмдзæвгæтæ бакастысты Ирыстоны зындгонд аивады кусджытæ **Бæззаты Эдуард, Гуыдиаты Маринæ**, Кировы районы Культурæйы хæдзары æвзонг артисттæ **Тъехты Аминæ** æмæ **Беteты Вероникæ.**

Дугъы уæлахиздзау ссис елхотаг **Гæбæраты Артур**, дыккаг бынат бацахста дигорайаг **Толасты Давид**. Æхсæнадон змæлд «Иудзинад» æппæт архайджытæн дæр зæрдылдарынæн балæвар кодта уæйлаг нымæттæ æмæ фысдзармæй худтæ. Сæрмагонд лæвар Гæбæраты Артурæн — хæрзхъæд сæракæй конд бæхифтындзæн дзаумæттæ — ракодта Хетæгкаты мыггаджы хистæр Мурат.

Дыккаг дугъ та Елхоты сæргълæууæг **Гуытъиаты Эльбрусы** хъæппæрисæй рауагътой, ацы хъæуы цæрджытæй Фыдыбæстæйы сæрвæлтау алы рæстæджыты тохы быдыры чи фæмард, уыдоны номыл. Кæронмæ дзы фыццаг æрбацыдысты елхотаг **Хуыбылты Æхсары** бæх æмæ сыхаг Кæсæг-Балхъары Плановскы хъæуккаг **Артур Конов**.

— Дугътæ нæм æрмæстдæр цины фæдыл куыд уой, ахæм арфæ не 'ппæты дæр уæд. Æвæццæгæн, нæ алкæй зæрдæйæн дæр фенцондæр ис, абон ацы фыдæлтыккон хъуыддаг кæй саразтам, уымæй. Æгайтма нæ ирон æгъдау нæ рох кæнæм. Стыр бузныг, фыццаджыдæр, Кировы район æмæ Елхоты разамындæн, дугъ саразынил чидæриддæр бацархайдта, уыдонæн, — загъта кæронбæттæны мадзал амонæг, Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артист **Цæриаты Валери.**

Дарддæр дугъы архайджытæ сæ фæндаг акодтой Дзæуджыхъæумæ, Къостайы ингæны цур цы 'гъдау æмбæлы, уый сæххæст кæнынмæ.

**КЪУБАЛТЫ Аркади, авторы ист къам**

Цыбырæй

# Фидаргæнæн куыстытæ цæуынц

**Дзуарыхъæуы дарддæр дæр цæуынц цæугæдон Фыййагдоны былтæ фидаргæнæн куыстытæ. Объекты иумæйаг дæргъ у цыппар километрæй фылдæр.**

Фарон ахæм куыстытæ ахицæн кодтой, йæ дæргъ иу километрæй фылдæр кæмæн уыд, ахæм объекты. Ноджы ма Урсдон бахизынæн.

Паддзахадон программæ «Воспроизводство и использование природных ресурсов»-ы фæлгæты æмæ Фыййагдоны цæугæдæтты донвæдтæ сыгъдæггонд æрцыдысты змис æмæ дуртæй, бæлæстæ æмæ къудзитæй. Уый фæахъаз уыдзæн хæстæгдæр хъæутæ донивылдтытæй хызт æрцæуой.



Республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** профилон ведомствæтæн бафæдзæхста иудадзыгдæр цæугæдæтты доны бæрзæнд бæрæг кæнын, донвæдтæ æмæ къанæуттæ сыгъдæг кæнын, цæмæй фæндæгтæ дон ма аласа.

– Нæ сæйрагдæр хæс у – адæмы æдасдзинад, инфраструктурæйы объекттæ æмæ хъæутæ бахъахъхъæнын, – загъта регионы разамонæг.

# Хæринаджы хæрзхъæддзинад

**Кировы хъæуы Хозиты Яковы номыл доскъолайы, Мичурин æмæ Нартыхъæуы муниципалон бюджетон астæуккаг ахуырадон уагдæтты сбæрæг кодтой, сты æртæ къабазы: санитарон домæнтæ æмæ нормативтæ, хæринаг æмæ продуктты хæрзхъæддзинад, стæй хæринаг кæныны æдасдзинад.**



**ахуырдзаутæн лæвар тæвд хæринаг куыд лæвæрд цæуы, уый.**

**Цæстдарæн хайады сæйраг специалисттæ Катрин Жирняк, Мамытты Беатрис æмæ Хозиты Зæлинæ æрзылдысты скъолатыл æмæ сбæрæг кодтой, тæвд хæринаджы хæрзхъæддзинад æмæ куыд цæттæгонд цæуы, уый.**

**Сæ куысты сæйрагдæр фарстатæ Специалисттæ æппæт ахуыргæнæндæттыл æрзылдысты. Санитарон-эпидемиологон домæнты хæлд бæрæггонд не 'рцыд.**

**Республикæйы Сæргълæууæджы фæдзæхстмæ гæсгæ, скъолаты хæринаджы хæрзхъæддзинад бæрæггонд цæуы иудадзыгдæр.**

# Хæрзвадæттæ – цæрджытæн

**Ныртæккæ Дзæуджыхъæуы Æрыдойнаг уынджы хæдзæрттæй иуы арæзт цæуы подъемник, цæмæй цæрджытæй иу, фæлæ йæ Дзæуджыхъæуы бынæттон администрацийы Арæзтады управлени куы сбæрæг кодта, уæд ахæм фæнты сарæзтой 10 пандус æмæ 8 электрон подъемникы. Уыцы куыст ацы аз дарддæр дæр æххæст кæндзысты. Сыхæгты къухба-**



**йе 'нæниздзинад хъыгдард кæмæн у, уымæн йæ бон уа æнæфыдæбонæй хæдзарæй рацæуын æмæ фæстæмæ здæхын. Раздæр ам арæзт æрцыд пандус, дон рахастой, цæмæй йæ ноджы хæрзвадатдæр скæной.**

**Акæм куыстытæ уал ныридæгæн ахицæн сты Доваторы уынджы 224-æм хæдзары.**

**Ивгъуыд аз нæ горæфыстытæ æрæмбырд кæныны æмæ æвæрццæг хатдзæгты фæстæ специалисттæ баххуыс кæндзысты ацы хъуыддаг саразынæн.**

***ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ***

Æцæг хабар

# Æрæджиауы фæсмон

**Ацы хабар æрцыд ивгъуыд æнусы æртынæм азты. Уæд ма адæмты ’хсæн ахастдзинæдтæ кæрæдзимæ хæстæгдæр уыдысты. Кæд гуырдзиаг меньшевиктæ ирæттæн бирæ мæстытæ бавзарын кодтой, уæддæр кæрæдзийæ хастой чызджытæ, кæнгæ æфсымæртæ кодтой...**

Хуссар Иры Знауыры районы хъæутæ Нагутни, Пичъиджын, Балта, Метех, Лопан æмарæн уыдысты Сачхереты районы гуырдзиаг хъæутæ Дзирула, Чъала, Слет, Аргвет, Саване æмæ Къорбоулиимæ. Се 'хсæн уыд æрмæстдæр хъæды тæлм. Ацы хъæуты дыууæрдыгæй дæр цардысты мæгуыр зæхкусæг адæм. Кæрæдзийæн сæ дуæрттæ кæддæриддæр уыдысты гом.

Нагутнийы хъæуæй иу лæппулæг Уалыты Мырзæ, зæгъгæ, хæххон хъæуты æлхæдта фос æмæ сæ Сачхереты базары фылдæр аргъыл уæй кодта. Цæгат Кавказ æмæ Фæскавказы цы къуым нæ басгæрста, ахæм нал баззад. Сыгъдæг дзырдта ирон, уырыссаг, гуырдзиаг æмæ тæтæйраг æвзæгтыл. Бирæ хæлæрттæ йын уыд Сачхереты районы, фæлæ йын дзы Серго Капанадзейæ ‘ввахсдæр æрдхорд нæ уыд. Базары куыст дæр иумæ кодтой.

Иухатт та дыууæ ‘рдхорды рацыдысты базарæй. Иу ран кæсынц, æмæ фæндаджы цæхгæр фæзилæны иу лæгæн голджытæй йедзаг, афтæмæй йæ уæрдоны цалх арф дзыхъхъы аирвæзт. Фыдæбон ыл кæны, фæлæ йын йæ сæппарынæн ницы амал ары. Йæ фæрсты адæм хизынц æмæ йе 'рдæм кæсгæ дæр ничи кæны, алчи йæ хъуыддаджы фæдыл тындзы. Мырзæ уайтагъд йæ бæхæй æргæпп кодта, йæ уæлхъус февзæрд, фæлæбурдта уæрдонмæ æмæ йæ иу сриуыгъдæн йæ цæлхытыл авæрдта.

Уæрдоны хицау Амиран фырдисæй кæсгæйæ баззад Мырзæмæ æмæ, йе 'муд куы 'рцыд, уæд йæ къухтæ кæрæдзийыл ныццавта, уый уæйыг куы дæ, уæд дæ, мæ амондæн, цы Хуыцау æрбахаста, зæгъгæ, йын ныхъхъæбыс кодта.

— Мæ уд дæ нывонд, чи дæ, кæцы хъæуæй дæ?

— Æз Нагутнийы хъæуæй дæн, ирон лæппу, мæнæ уый та мæ гуырдзиаг æрдхорд Серго, ам уæ базары арæх вæййæм...

— О, дæ цæрæнбон бирæ уа, — йæ цæсгом ныррухс зæронд лæгæн, — ирæттæ хъæбатыр адæм сты, мæнæн дзы бирæ хæлæрттæ ис. Мæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыдтæ, æмæ абонæй фæстæмæ уыдзынæ мæ кæнгæ фырт. Иунæг чызг мын ис, æмæ уымæн та кæнгæ æфсымæр уыдзынæ. Мæ хæдзары дуæрттæ уын кæддæриддæр уыдзысты гом. Ахæм дард фæндагыл абон æз сымах нал ауадздзынæн. Æз ардæм хæстæг цæрын. Табуафси, саккаг нæм кæнут.

— Ахæм диссагæй ницы сарæзтон, фæлæ дæ кæд афтæ фæнды, уæд разы дæн, — фефсæрмы Мырзæ. — Мæ бон цæмæй уа, уымæй уын фырты лæггад кæндзынæн.

Уыцы бонæй фæстæмæ Мырзæ арæх бæрæг кодта йæ ног зонгæты, хæдзары куыстыты дæр-иу сын аххуыс кодта. Йæ кæнгæ хомæ дæр æнæ лæвар никуы цыд. Хаттæй-хатт-иу йемæ фæуазæг Серго дæр. Ахæм рæстæджы-иу бинонтыл хур ракаст, сæ къуымты бæркадæй-иу фæстæ ницыуал ныууагътой. Фæлæ куыд фæстагмæ Серго æрæнкъард. Йæ зæрдæйы ныххаудта Амираны чызг Кетинойы сурæт.

Æрыгон чызгæн йæ цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ каст, йæ ныййарджытау уыд хæларзæрдæ, лæггадгæнаг. Скъола уыцы аз фæцис каст æмæ йæхи цæттæ кодта Калачы уæлдæр ахуыргæнæндонмæ. Сæ иунæг чызгæн авгау æрхауынæй тарстысты мад æмæ фыд, алцæмæй дæр æй хъахъхъæдтой, фæлæ ацы лæппутыл æууæндыдысты, хионы зæрдæ сæм дардтой. Серго зыдта, чызгмæ мой кæныны фæнд кæй нæма ис, уымæ гæсгæ, йе 'нкъарæнтæ раргом кæнын нæ уæндыд æмæ уарзондзинады арты сыгъд. Фæстагмæ йын чызг дæр фæхатыд йæ уавæр æмæ йæм хæстæг нал лæууыд, йæхи дзы хызта.

Мырзæ дæр йе 'рдхорды уавæр куыд не ‘мбæрста, фæлæ йæ ской кæнын дæр нæ уагъта. Цалдæр хатты йын куы бакой кодта, уæд та мын скъæфынмæ баххуыс кæн, зæгъгæ, уæд-ын иу цæхгæр загъта:

— Серго, кæд ды мæнæн ме 'рдхорд дæ, уæд Кетино та мæ кæнгæ хо у, ныййарæджы лæггад мын кæнынц, æмæ æз афтæ никуы бакæндзынæн.

Иухатт та Мырзæ дыууæ боны баззад Амирантæм, сæ уалдзыгон куыстыты сын аххуыс кодта. Гъа, ныр райсом здæхдзæн, афтæ йын лæг бакой кодта:

— Дæ рын бахæрон, Мырзæ, ацы чызг дыууæ мæйы фæстæ ахуырмæ цæудзæн, æмæ йæ тынг фæнды йæхи аирхæфсын, æмæ мæ хъæбулы фæндоныл мæнæн дыууæ зæгъын мæ бон нæу, стæй йын уый фæстæ фадат нал уыдзæн. Зæгъын, иу къуыри йæ уæхимæ куы акæнис, фена ирон адæмы, дæ ныййарджытæ, дæ сывæллæттимæ дын базонгæ уа. Мæ хъæбулæй дæ нæ хицæн кæнын æмæ дыл афтæ тынг дæр уымæн æууæндын.

Мырзæ, кæй зæгъын æй хъæуы, разыйы дзуапп ратта Амиранæн, æмæ сæхи цæттæ кæнын райдыдтой фæндагмæ. Сæ цæуыны хæдразмæ фæзынд Серго дæр æмæ, уый куы базыдта, Мырзæ чызджы сæ хæдзармæ кæны, уæд бынтондæр йе 'нцойад фехæлд.

— Мырзæ, мæ хæлар, мæнæн æнæ уыцы чызг цард нæй, уарзын æй, æмæ мын баххуыс кæн. Райсом уæ размæ бабаддзынæн, æмæ мын æй ратт...

Мырзæйæн фырмæстæй йæ цæстытæ цæхæр акалдтой, йæ цæсгом афæлурс:

– Серго, гормон, уыцы ныхас мæнмæ куыд æрбауæндыдтæ?! Æз ацы бинонтыл мæнгардæй куыд хъуамæ рацæуон, ирон лæг нал дæн, æви? Афтæ ма куы уаид, æмæ дæ чызг уарзы, æмæ йæ йæ бинонтæ нæ дæттынц, уæд ма ахъуыды кодтаин, фæлæ...

– Бауырнæд дæ, Мырзæ, чызджы зæрдæмæ цæуын, фæлæ йæ æргом нæ дзуры. Курын дæ, æмæ мын баххуыс кæн йæ аскъæфынæн...

Бирæ фæлæгъстæ кодта Серго Мырзæйæн, фæлæ уый ком нæ лæвæрдта.

Нал зоны Серго, цы ма бакæна. Чызджы Мырзæ Ирыстонмæ куы акæна, уæд йæ къухтæй ирвæзы. Уым, мыййаг, ирон лæппуйы куы бауарза. Загъта Мырзæйæн Серго, æнæ уыцы чызг йæ цард кæй нæ уыны, уый.

Æхсæв-бонмæ æнæхуыссæг фæци Мырзæ, цы бакæна, уый нал зоны. Йæ бинонтæ йæ ууыл бафæдзæхстой, æмæ йе 'ууæнк куыд бахæра?! Иннæмæй та йæ зыдта, Серго йæ ныхас кæй сæххæст кæндзæн. Тæвдтуг у...

Бирæ фæхъуыды кодта Мырзæ æмæ йæм æрцыд, цæрæнбонтæм фæсмойнаг кæмæй фæци, ахæм фæнд: чызджы Сергойæн раттын.

«Чызг нырма æрыгон у, не 'мбары цард. Цæрæг хæдзар, сæрæн лæппу, уæдæ ма цы вæййы. Кæд æй бауарзид уый дæр», – хъуыдытæ кодта Мырзæ.



Райсомæй Сергойæн йæ фæндон куы бамбарын кодта, уæд ыл уый фырцинæй ныттыхст.

— Зонгæ йæ кæн, — фæдзæхста Мырзæ, — чызджы дæхиуыл æрæууæндын кæн, æнæхъуаджы йæ ма бафхæр. Хъæдвæндагыл фыццагдæр цы æрдузмæ бахæццæ уай, уым мæм фæсвæндаг æнхъæлмæ кæсдзынæ, стæй уæд бæрæг уыдзæн.

Мырзæ йæ бæх срæвдз кодта, чызг йæ фæсарц бабадт, æмæ рацыдысты. Кетино цинæй мард. Сæ хъæуæй дарддæр никуы уыд æмæ ныр ирæттæм цæуы уазæгуаты. Базонгæ уыдзæн йе 'фсымæры бинонтимæ. Бæлццæттæ хъæдвæндагыл иу гыццыл куы бауадысты, уæд Мырзæ ныхситт кодта. Хæстæг ранæй æхситт куы айхъуыста, уæд Кетинойæн афтæ зæгъы:

– Ам хæстæг мæ зонгæ хъæдгæс ис, ды уал ам фæлæуу, ныхасаг мæ ис йемæ, ныртæккæ фездæхдзынæн, – чызджы зæхмæ æрæргъæвта, йæхæдæг хъæды фæаууон.

Æваст чызджы уæлхъус алæууыд Серго. Уый йæ куы ауыдта, уæд ма йын хъуыддаг цы бамбарын хъуыд. Йæ сæрыхъуынтæм фæлæбурдта æмæ ныцъцъæхахст кодта.

– Кетино, мæ хур, дæхи мауал хæр. Хуыцау нæ кæрæдзийæн снывонд кодта, мæнæн æнæ дæу цард нæй, — хæстæг æм бацыд лæппу. Фæлæ сæ ныхас кæрæдзиуыл нæ бадт, хъуыст дзы хъæлæба... Чызг йæ фæндон нæ ивта, фæлтау мæлæт æвзæрста.

Иуафон сæ хъустыл ауад кæйдæр хъæлæба. Æвæццæгæн сæ чидæр уынæг фæцис æмæ хъæумæ фæфæдис. Лæппу феррайау. Бамбæрста, бынтондæр ын дзы кæй ницыуал рауайдзæн. Ау, йæ фыдæбон æнæхъуаджы фæцис, æмæ ма ахæстоны хай дæр бауыдзæн! Туг сæрмæ ныццавта, зонд аталынг. Фелвæста хъама æмæ йæ чызджы риуы ныссагъта. Чызг бадзой-дзой кодта, æмæ йæ зæнгтæ йæ быны фæдыдагъ сты.

– Мæ тæригъæд дæр – дæу æмæ дæхи тæригъæд дæр – дæхи! – знæтæй сдзырдта Серго æмæ йæ бæхыл абадт.

Фæдисонтæ чызджы йæ туджы мæцгæ баййæфтой. Бæргæ ма йæм дзырдтой, фæлæ ницыуал фехъуыста. Æнустæм æрæхгæдта йæ рæсугъд сау цæстытæ. Æнамонд чызг сынтыл хæссинаг фæцис.

Адæмыл ахæлиу сты алыхуызон ныхæстæ. Чи дзырдта, Мырзæ Капанадзетæн стыр æхцатыл ауæй кодта йæ кæнгæ хойы, чи та йæ раст кодта, – нæ сæ уырныдта ахæм хъуыддаг. Фæлæ фылдæр дис кодтой чызджы ныййарджытыл. Афтæ зæрдæхæлар æмæ æууæндаг куыд хъуамæ уай æмæ дæ чындздзон чызджы æнæзонгæ ранмæ æцæгæлон лæппуимæ арвитай.

Уыцы рæстæджы милицæ та алы рæтты агуырдтой фыдгæнджыты. Серго Жалабеты Джусойтæм кæй æмбæхсы, уый тыххæй базыдтой. Ехсытæй нæмгæ йæ ракодтой æмæ йæ Калачы ахæстонмæ арвыстой.

Мырзæ йæхи Дагъистанмæ айста. Йæ комкоммæ азым ын кæй не сбæрæг кодтой, уый тыххæй ахæстонæй аирвæзт, фæлæ йæ æнаххос чызджы тæригъæд баййæфта. Йæ бинонтæ цардхъуагæй се 'цæг дунемæ ацыдысты. Мырзæ ацы мæстыты фæстæ тынг фæцудыдта, йæ царды фæстаг бонтæм сæрныллæг æмæ æгадæй фæцард æмæ кæйдæр зæххыл амард, йæ мард ын æрласæг дæр нал фæци.

Кетинойы ныййарджытыл дæр сæ иунæг хъæбулы фæстæ хур нал ракаст. Куыд дзурынц, афтæмæй Амиран йæ зондæй дæр фæиртæст, афтæмæй сæ царды фæстаг бонтæм судзгæ 'лгъыст кодтой сæ хъæбулы марджыты. Йæ фæстæ афæдзмæ кæрæдзийы фæдыл зæрдæхæлдæй аивгъуыдтой се 'цæг дунемæ.

**ДЖУСОЙТЫ Нинæ**

Поэзи

**ГÆЗЗАТЫ Маргаритæ**

## Уым, уæлæуыл

*(ахудæм)*

***Ничи баззадис уæлæуыл...***
***Уырдæм алкæй дæр хъæуы.***
***Сиргæ сау мæлæт йæ бæхыл***
***Махмæ барджынæй цæуы.***

***Дзурынц афтæ: ис дæлæуыл***
***Диссаджы æнусты цард.***
***Чи, дам, сæмбæла дзæнæтыл,***
***Уый нæ уыдзæн уым æдзард.***

***Бадынц иууыл уым цъæх нæууыл,***
***Нуазынц урс суадонæй дон.***
***Ничи кæны мæт йæ хæрдыл,***
***У цæрынæн уым æнцон.***

***Зайы уым бæлас – æлутон,***
***У дыргъæй йæ тæккæ зад.***
***Ничи кæны уым фыдæбон,***
***Зонынц цардæн уым йæ ад.***

***Сты æфсымæртæ ’мæ хотæ,***
***Иу бинонтау у сæ цард.***
***Уым нæ кæнынц махау дихтæ,***
***Иу æвзагыл у сæ зард.***

***Уым хæдзæрттæ дæр нæ хъæуы...***
***’Гас дуне – цæрæнбынат.***
***Уым хъæздыг лæг дæр æрцæуы***
***Иннæты æмрæнхъ ымад.***

***Уым хæларзæрдæ сты адæм,***
***Уарзы алцы дæр сæ цæст.***
***Уыдон алцæмæй дæр – райгонд,***
***Се ’хсæн никуы вæййы хæст.***

## Зоны

*(Дыууæ рагон уарзоныл)*

*Зонын, уыдтæн уæд æрыгон...*
*Не ’мбæрстон уыйас кæддæр.*
*Зæрдæйы удхар та – рагон,*
*Фæсмонæй йедзаг мæ сæр.*

*Зонын, кæй уарзыс мæн бирæ,*
*Зонын, мæ уындмæ бæллыс,*
*Зонын, дæ зæрдæйы уæлæ*
*Ахæм уæззау уаргъ хæссыс.*

*Зонын дæуæн æз дæ сагъæс...*
*Зонын, кæныс мыл æнкъард.*
*Амондмæ зулцæстæй ма кæс,*
*Рауадис афтæ нæ цард.*

*Зонын дæ зæрдæйы ахаст,*
*Абон мæнæн уый – мæ фаг.*
*Бады мæ риуы дæр сау маст,*
*Тоны мæ зæрдæйы таг.*

*Зонын, ды уарзыс мæн рагæй...*
*Зон æй: дæу уарзын æз дæр.*
*Зонæм, кæй нал ис ныр ивæн*
*Махæн нæ царды уавæр.*

## Уалдзæг – аргъау

***Æз уалдзæджы ’рцыдмæ***
***Фæбæллын æдзух.***
***Нæ зымæджы фæудмæ***
***Фæтилын мæ къух.***

***Нæ уарзын æппындæр***
***Æз уазал рæстæг.***
***Æз хонын бæгуыдæр***
***Уый низтæ дæттæг.***

***Фæлæ та нæм уалдзæг***
***Куы ’рбавæры къах,***
***Нæ зымæджы сурæг***
***Æрæндавы мах.***

***Æртæхынц нæм цъиутæ,***
***Фæзыны кæрдæг,***
***Фæдаргъ вæййынц бонтæ,***
***Хур дары бæрæг.***

***Уæд базмæлынц адæм,***
***Æхсиды сæ цард.***
***Уæд кусæм ’мæ зарæм,***
***Нæ кæнæм æнкъард.***

***Цыма нæм уæларвæй***
***Æрхизы Хуыцау...***
***Цæвиттон, æгасæй***
***Цард фесты аргъау.***

***У ахæм нæ уалдзæг –***
***Нæ цинтæ хæссæг!***
***Æнæхъæн афæдзæн***
***Йæ рæсугъд рæстæг!***

## Зивæггæнагæн

*Зивæг ма кæн,*
*Змæл фылдæр.*
*Кусын хъæудзæн*
*Дæу уæддæр.*

*Чи дæ дардзæн,*
*Зæгъ æргом?*
*Фегад уыдзæн,*
*Зон, дæ ном.*

*Куысты мидæг*
*Сой цæры.*
*Дзæбæх кусæг*
*Уый хæры.*

***

***Зын у цæрын,***
***Уæлдайдæр абон,***
***Хæссы нын рын,***
***Кæдæм нæ сомбон?***

***Кæм ис нæ хос,***
***Кæмæ ныссидæм?***
***Зæрдæйы нос***
***Цæмæй мах сисæм?***



Чысыл радзырд

# Хохаг горæтдзаутæ

**Нæ ныхас цæуыл уыдзæн, уыцы цау Ирыстоны кæцы ком æмæ цы хъæуæй айхъуыст, уый ныронг сусæгæй дæр никуы никæмæн радзырдтон. Адæм алыхуызæттæ сты, кæмæ цы хъыг фæкæсдзæн, марадз, æмæ йæ базон. Хъуамæ мæ исчи æрфæрса, нæ фыдæлты кой цæмæн кæныс, дæ дзыхы радавинаг сты, зæгъгæ. Чи зоны, æмæ уыдон сæхирдыгонау раст уыдзысты. Фæлæ æз дæр рагон хабар ме ’взаджы бын кæдмæ æмбæхсон?!**

Цæвиттон, хæххон чысыл хъæуы цæрджытæ сæ фæззæджы куыстытæ куы фесты, уæд сфæнд кодтой сæ фæллæйтты кæцыдæр хай Дзæуджыхъæумæ уæймæ фæхæццæ кæнын. Цы ‘хца райсой, уымæй та сæ бинонты цыдæр тыхстытæ саразын.

Уæзласæн машинæйæ куы срæвдз сты, уæд дзы сæвæрдтой хæхты сой: картоф, фыс æмæ стуры хъæбæр цыхтытæ, царв, суанг ма мыд дæр.

Иуныхасæй, хойраджы продукттæй сæхицæй уæлдай кæмæ цы уыд, уыдон нæ бавгъау кодтой горæтмæ аласынмæ.

Тыхст заман уыд, æмæ, хохæгтæ сæ уæййæгтæ Дзæуджыхъæуы базары тæрхæджытыл куы æрæвæрдтой, уæд сыл æлхæнджытæ æмбырдтæ кæнын райдыдтой. Сæ фылдæр, алы хатт дæр куыд вæййы, афтæ сылгоймæгтæ уыдысты, æмæ хохаг нæлгоймæгты цæстытæ, уыдонмæ кæсгæйæ, дзæгъæлтæ кæнын райдыдтой. Уæвгæ, горæтаг хæрзуынд, гуырвидауц æмæ аив сылгоймæгтæ цы хуызы хъуамæ нæ фæцыдаиккой нæлгоймæгты зæрдæмæ! Хæхбæсты цæргæйæ, никуы федтой ахæм рæсугъддзинад æмæ дис кодтой сылгоймæгты уынд æмæ кондыл.

Иурæстæджы базаргæнджытæ æлхæнджытæй куы фæуæгъддæр сты, уæд сын кæрæдзиимæ хъæлдзæг ныхас бацайдагъ. Сæ ныхасы сæр та, куыд зонæм, афтæмæй уыд горæтаг рæсугъд æмæ аив сылгоймæгты тыххæй. Уæйгæнджытæй æрыгондæр чи уыд, ахæм бæзæрхыгтæ лæг, йæ бæзджын рихитæ адаугæйæ, бафиппайдта:

– Цы уын зæгъон, уый зонут, мæнæ лæгтæ. Кæд уæ уырны, уæд уæ бауырнæд, фæлæ горæтаг нæлгоймæгтæ зæдтимæ цæрынц, мах та – хæйрæджытимæ.

Ацы ныхасыл хохæгтæ сæхи худæгæй схастой. Æцæг афтæ у, зæгъгæ, дзырдтой æмхуызонæй. Сæ иуы фæсонæрхæджы дæр нæ уыд, сылгоймаг, хæххон зын уавæрты цæргæйæ, фосмæ зилгæйæ, уыдоны бынтæ сыгъдæг кæнгæйæ, æндæр уæззау куыстыты йæ рæсугъддзинад куыд хъуамæ равдиса, уый.



Сланты Русланы конд ныв

– Горæтмæ рæсугъд чызгайы курынмæ цæуын...

Дыккаг бон дæр хохæгтæ сæ хъæлдзæг ныхас нæ ныууагътой. Æцæг знонæй абон фæкъæйныхдæр сты æмæ дзырдæппарæн кодтой сылгоймæгтæм. Фæссихæрттæм æввахс, æппæтæй дæр сæ уæййæгтæ куы ’рбасатар кодтой æмбæлгæ æргътыл, уæд ма уыдонæй лæгдæр кæм уыд! Базары алыварс дуканиты сæ сывæллæттæн хъæугæ дзаумæттæ алхæдтытæ кодтой æмæ дзагармæй фæраст сты сæ фæрныг хæдзæрттæм.

Хур хæхты фæстæ куы æрцæйæмбæхст, уæд горæтдзаутæ дæр бахæццæ сты сæ хъæумæ. Афтæ рауад, æмæ канд уыцы изæр нæ, фæлæ дыккаг æмæ æртыккаг бон дæр, цыма базардзау лæгтæ æмхуызонæй дзырд бакодтой, уыйау фыдæнæн сæ устытæм нал дзырдтой. Цы хабар у, зæгъгæ, сылгоймæгтæ æппæтæй дæр сагъæсы бацыдысты. Фыртыхстæй ма цы акодтаиккой, уый нал зыдтой æмæ, фæдисы цæуæгау, кæрæдзимæ уадысты, хъаст кодтой кæрæдзийæн:

– Нæ лæг мæм нал дзуры. Цы кæны, йæ дзых цæуыл ныххуыдта, уымæн мæ сæрæн ницы зонын, уæд ма цы кæнон? – дзырдта сыхаг ус иннæ усæн.

– Уæдæ, нæ лæг мæнмæ дæр куы нал дзуры, уæд сыл цы ‘рбамбæлд? Кæд сæ, мыййаг, хæйрæджытæ фæсайдтой? – йæ сæрбæттæны къабазæй йæ цæсыгтæ асæрфгæйæ, дзуапп ратта уый.

Ахæм тыхст ныхас-иу цалдæр боны æдзухдæр рауад, сæ лæгтæ горæты кæмæн базар кодтой, уыцы æндæр сылгоймæгты ‘хсæн дæр. Уæд Хуыцауы ‘лгъыст чи уыд, ахæм сылгоймаг йæ лæгæн æрнуазын кодта, йæ фарсмæ ‘рбадт, фæрсы йæ:

– Нæ лæг, цæуылнæуал нæм дзурут? Цы уын кодтам? Уæ алкæмæндæр æгæр дзæбæх стæм? Кæдмæ хъаздзыстæм æнæдзурынтæй, уый ма мын зæгъ?

Нæлгоймагыл нозт фæтых, йæ къайы ныхæстæ йæм бахъардтой, йæ зæрдæ æрфæлмæн æмæ загъта:

– Горæты рæсугъд, хæрзконд сылгоймæгты федтам, æмæ...

– А-а-а, рæсугъд сылгоймæгты федтат, зæгъыс? Æмæ сын уæд сæ лæгты нæ федтат? – фестъæлфыд сылгоймаг.

Ацы ныхасыл лæг дыууæ нал загъта. Исдугмæ æнæдзургæйæ абадт, стæй фестад йæ бынатæй, æрзылд йæ горæтдзау æмбæлттыл. Алкæмæн дæр фехъусын кодта йе ’фсины ныхас, сæ лæгты сын нæ федтат, зæгъгæ, уый, æмæ, дам, нын раст загъта. Горæтаг сылгоймæгтæй махæн цы пайда ис, фæлтау нæхи уæттыл фидар хæцæм æмæ цардæй исты фенæм, зæгъгæ, сын бамбарын кодта. Хохаг горæтдзаутæ дæр сразы сты се ’мбалы ныхасыл æмæ уæдæй фæстæмæ фæлмæнæй дзырдтой сæ устытæм.

**ТОХСЫРТЫ Къоста**

Спортивон фидиуæг



Хъæбысхæст

# Уæрæсейы хуыздæр богæлттæ – Ирыстоны уазджытæ

**Дзæуджыхъæуы Хæдарцаты Асланы номыл Уæгъдибар хъæбысхæсты академийы фидæны бæрнон ерыстæм сæхи цæттæ кæнынц уæгъдибар хъæбысхæстæй Уæрæсейы 21-аздзыд сылгоймæгты æмæ аслæг нæлгоймæгты иугонд командæты богæлттæ.**

Чызджыты ацы кары иугонд командæйы хистæр тренер у Уæрæсейы сгуыхт тренер **Тедеты Малик**. Цæттæгæнæн æмбырды йæ фарсмæ сты командæйы чызг-богæлтты тренертæ дæр. Æмбырды нысаны фæдыл Тедеты Малик загъта: «16-æм апрелы мах хъуамæ ацæуæм, Турчы цы стыр дунеон турнир уыдзæн, уырдæм архайынмæ. Ахæм турниртæ тынг пиаг хъæзтыты уæлахиздзау æмæ дунейы дыууæ хатты чемпион **Наталья Воробьевайы** тренер **Дмитрий Герчегло** ацы цæттæгæнæн æмбырды ис йæ фондз хъомылгæнинагимæ æмæ загъта: «Мах Ирыстонмæ нæхи цæттæ кæнынмæ ссыдыстæм æртыккаг хатт æмæ уынæм, азæй-азмæ уавæртæ ноджы хуыздæргæнгæ кæй цæуынц, уый. Ам алцыдæр у, зæгъæн куыд æмбырды ис Дзæуджыхъæуы. Хадзымурат куыд зæгъы, афтæмæй уæрæсейаг богæлттæ Европæйы чемпионатмæ хъуамæ ацæуой хæрзцæттæйæ. Уымæн сын арæзт æрцыд æппæт уавæртæ дæр.

Уæрæсейы нæлгоймæгты иугонд командæйы фидæны ерыстæм йæхи чи цæттæ кæны, уыдонимæ сты ирыстойнаг богæлттæ: **Сидахъаты Зауырбег, Найфонты Артур, Багаты Алан** æмæ **Арслан, Байаты Давид, Хъызынты Дзамболат.**

23-26 апрелы Албанийы уыдзæн Европæйы чемпионат. Уым чи хæцдзæн Уæ-




хъæуынц нæ чызджыты Европæ, уый фæстæ та дунейы фыццаг бынат бацахсынил ерысты размæ. Нæ чызджытæ фæстаг дыууæ азы Европæйы бацахстой 1-аг командон бынæттæ. Дунеон чемпионаты сын уый нæма бантыст, æмæ ныр тырндзыстæм, цæмæй дунеон ерысты дæр раззæгтимæ уой. Уымæн нын ныфс дæтты, нæ чызджытæ куыд зæрдиагæй кусынц æмæ куыд тырнынц дунеон ерысты фыццæгтæ суæвынмæ, уый!»

Дзæуджыхъæуы хи цæттæ кæнынмæ цы уавæртæ ис, уыдонæй тынг разы сты куыд спортсментæ, афтæ сæ тренертæ дæр. Олимнæй, афтæ æрхъуыдыджын арæзт. Уæдæ дзы цы зæрдæхæлар адæм кусы, уыдон дæр арфæйы аккаг куыд нæ хъуамæ уой! Иу ныхасæй, Дзæуджыхъæумæ мах кæддæр фæндыдæр тырндзыстæм куыд нæ уарзон бынатмæ».

Тедеты Малик куыд зæгъы, афтæмæй 21-аздзыд чызджыты иугонд командæйы ныртæккæ ирон чызджытæ сты фондзæй. Хистæр кары сылгоймæгты командæйы та Европæйы чемпионаты Уæрæсейы номæй хæцдзысты **Танделаты Аминæ** æмæ **Кæсæбиты Алинæ.** Ацы бонты нæлгоймæгты иугонд командæ, йæ сæргъы – **Гуæцæлты Хадзымурат**, афтæмæй цæттæгæнæн рæсейы номæй, уыдоны 'хсæн Ирыстоны богæлттæй уыдзæн æрмæстдæр Байаты Давид.

Нæ богæлтты иузæрдион фарсхæцджыты зæрдæ зæгъы, Давид æнæмæнгæй Европæйы чемпион куыд суа, нæ иннæ богæлттæ та дунеон стырдæр æмæ каджындæр ерысты фылдæрæй æнтыстджын архайд куыд кæной!

Спортуарзджыты уырны, Уæрæсейы богæлттæ Европæйы раздæрау фыццаг бынаты цæуæг кæй уыдзысты, æмæ та Уæрæсейы гимн фæсарæнты дæр кæй азæлдзæни.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

Æнтыст

# Конкурсы кæронбæттæны архайæг

**Уæрæсейы Æрдзон авналæнтæ æмæ экологийы министрад Доны авналæнты федералон агентадимæ кæй аразынц, Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты æрдзон наукæтæ æмæ технологиты факультеты 2-æм курсы студенткæ МАМИАТЫ Кристинæ ссис Доны ахæм уæрæсейаг æргом фæсивæдон конкурсы кæронбæттæны архайджытæй иу.**



Æппæт бæстæйæ конкурсмæ барвыстæуыд 1500 проекты бæрц. 22 уæрæсейаг регионæй æмæ 2 фæсарæйнаг паддзахадæй конкурсы 25 архайæджы систы суперфиналисттæ.

Кристинæйы проект «Цæугæдон Æрæфы геоэкологион уавæр» хорзыл нымад æрцыд номинаци «Доны авналæнты хъахъхъæнынад æмæ сæ ног кæныны». Практикон куыст æххæст кæнгæйæ, студенткæ баххæст кодта быдырон цæстдард, стæй раиртæста доны уавæр лабораторон уагæй.

Иртасæн куыстыты фæрцы бавдыстæуыд цæугæдоны нывыл экологион уавæр. Доны цы нитраттæ æмæ карбонаттæ ис, уыдоны бæрц санитарон нормæты аккаг у. Кристинæ куыд бавдыста, афтæмæй цæугæдон хæхты фæхстæ фæкъахыр кæны, стæй мæр æмæ змис æндæр рæттæм аласы.

Студенткæйы наукон разамонæг у ахуыргæнæндоны экологийы кафедрæйы хистæр ахуыргæнæг **Абайты Аленæ.**

– Конкурстæ ахъаз кæнынц зонындзинæдтæ рабæрæг кæнынæн. Конкурсы архайыны фæрцы мын бантыст мæ хъуыдытæ бæлвырдæй равдисын. Уымæй уæлдай, конкурсы руаджы базонгæ дæн ног адæймæгтимæ, стæй аныхас кодтон æнтыстджын æмхъуыдыгæнджытимæ, – зæгъы Кристинæ.

19-21 апрелы Мæскуыйы уыдзæн конкурсы суперфинал. Не 'мзæххон чызджы хæс – хи проект стендон раныхасы хуызы эксперттæн бавдисын. Ерысты уæлахиздзаутæн уыдзæн дунеон стажировкæтæ æмæ конкурсты архайыны фадат.

**Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты пресс-службæ**

Аивад

# Номдзыд нывгæнæджы кадæн

**Дзæуджыхъæуы Тугъанты Махарбеджы музейы байгом Цæгат Ирыстоны сгуыхт нывгæнæг Хетæгкаты Хъазыбеджы равдыст. Арæзт æрцыд йæ райгуырдæй 90 азы сæххæсты кадæн.**







Бетъырбухы Нывкæнынады академийы сахуыр кæныны фæстæ ирон нывгæнджытæй Советон Цæдисы Нывкæнынады академийы æвзист майдан ирон нывгæнджытæй фыццагдæр чи райста, уый уыд Хъазыбег. Равдыст цæттæгонд æрцыд музейы директор **Тебиаты Галинæ** æмæ нывгæнæджы фырт, Цæгат Ирыстоны сгуыхт нывгæнæг, Дзæуджыхъæуы Дзанайты Азанбеджы номыл нывкæнынады училищæйы директор **Хетæгкаты Асланы** хъæппæрисæй.

Равдыст байгом кæнынмæ æрбацыдысты йæ уарзон Къостайыхъæуы цæрджытæ, республикæйы номдзыддæр нывгæнджытæ, аивадуарзджытæ æмæ, йе сфæлдыстадæн стыр аргъ чи кодта, уыцы дзыллæтæ.

Республикæйы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз** равдыст саразджытæ æмæ, цы дзыллæтæ æрæмбырд нывгæнæджы ном æрымысынмæ, уыдонæн арфæ ракæныны фæстæ фæнысан кодта, Хъазыбеджы стыр курдиат мысынæн ахæм равдыстытæ стыр ахъаз кæй сты кæстæр фæлтæры рухс æмæ бæллиццаг фæндагмæ здахынæн, царды рæсугъд фæндæгтыл сæ æвæрынæн.

Равдысты байгомы рæстæг театры **Дзанайты Ольгæйы** разамындæй Мариинаг нæлгоймæгты хор азарыд Хъазыбеджы уарзон зарджытæ. Равдыстмæ æрбацæуæг дзыллæтæ æхсызгонæй кастысты, музейы фондты йын цы диссаджы нывтæ баззад, æмæ ма йын йæ бинонтæ дæр цы зынаргъ уацмыстæ æрбахастой, уыдон.

Хъазыбеджы нывтæ сты Уæрæсейы бирæ музейты, стæй хицæн адæймæгтæм дæр. Ацы равдысты фенæн ис 100 куыстæй фылдæр адæмы зæрдæтæм арф бахъарæг нывы. Равдыст фенæн уыдзæн ацы аз 20 июны онг.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ


**Министерство обороны Российской Федерации проводит отбор на военную службу по контракту**

Рассматриваются граждане РФ и стран СНГ от 18 до 60 лет.




**ЕДИНОВРЕМЕННАЯ ВЫПЛАТА ПРИ ЗАКЛЮЧЕНИИ КОНТРАКТА** в учебных центрах и подразделениях войск беспилотных систем

3 400 000 РУБЛЕЙ:

3 000 000 руб. - выплата от Республики Северная Осетия-Алания

400 000 руб. - выплата от Министерства обороны РФ.

Для граждан, заключивших контракт, предусмотрены:

- Социальные льготы и гарантии для военнослужащих и членов их семей
- Списание долгов по кредитам до 10 миллионов рублей
- Статус ветерана боевых действий
- Возможность приобретения жилья за счет Минобороны РФ через накопительно - ипотечную систему.

Денежное довольствие от 240 000 руб. в месяц.

Также в пункте отбора на военную службу по контракту в г. Владикавказ ведется работа по комплектованию новых подразделений войск беспилотных систем Вооружённых Сил Российской Федерации.

Рассматриваются кандидатуры в возрасте от 18 до 45 лет, состояние здоровья (категория А, Б), профессионально-психологическая пригодность (не ниже II категории).

Отбор проводится на должности операторов беспилотных летательных аппаратов (БпЛА), инженеров, техников и других военно-учетных специальностей.

В пункте отбора желающие могут опробовать свои навыки на симуляторе FPV-дрона, ознакомиться со специальной техникой войск БпС.

**ОБРАЩАТЬСЯ: Пункт отбора на военную службу по контракту (1 разряда) г. Владикавказ, ул. Титова, 5 тел: 88672768375 или в военный комиссариат по месту жительства**
**Горячая линия по вопросу поступления на ВС по контракту 117#4**
**Дополнительная информация на сайте.**




**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ — бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ — газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** — къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**


**ХЪУСЫНГÆНИНАГ!**

**Рахизфарсы районы Раздзоджы (Емаус) хъæуы 10 майы уыдзæн хъæуы куывд. Хуынд цæуынц хъæубæстæ æмæ хъæуæй рацæуæг адæм.**

**Уæ хорзæхæй, саккаг кæнут!**





**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности. Тел.: 8-928-928-88-24.**



**Оказываю услуги электрика качественно, надежно. Все виды работ с гарантией. Выезд и консультация бесплатно. Тел.: 8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Обслуживание колонок и котлов. Тел.: 8-961-821-90-88.**



Номыры радхæссæг редактор — **Хæмыцаты Морис.**
Дизайн: 1-аг фарсæн – **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн – **Гуыцмæзты Зæринæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Халиты Изæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Кæлухты Фатимæ;**
4-æм фарсæн — **Рæмонты Алинæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Сæрмагонд фæрсты редактор: **Сланты Аслан – 25-94-37.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьянæ Шеходанова** (къамисæг) **– 25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-91-92, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр 1.88 мыхуырон сыфы. Газет цæуы къуыри фондз хатты. Индекс 53901. Тираж 2767. Заказ № 394. Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00. Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**